



BCPS se premye distri eskolè nan Leta Florid ki ganyen pri prestijye pou tout Distri-a nèt. Resevwa akreditasyon nan men AdvancEd an 1962. BCPS ganyen avèk anpil fyète re-akreditasyon an 2016/17.



**GREAT DISTRICT FOR GREAT TEACHERS**

An 2017, National Council on Teacher Quality te nonmen BCPS kòm yon distri ekselan pou pwofesè.

## Broward County Public Schools (BCPS) ofri avèk anpil fyète:



Bon kalite enstriksyon, pwogram magnet epi inovatif ki satisfè enterè elèv-yo epi bezwen edikatif chak elèv.



Klas jwèt echèk disponib pou chak elèv k'ap fè klas dezyèm ak twazyèm ane.



Klas syans konpitè, kourikoulòm ak aktivite disponib nan 100 pousan lekòl Distri-a.



Pi gran pwogram deba nan nasyon-an, ofri nan klas midèskoul ak ayeskoul, epi ap pran estansyon nan lekòl primè.



Jounal U.S. News & World Report ak Washington Post klase ayeskoul-nou-yo nan pami meyè nan nasyon-an epi ki bay plis defi.



Aprantisay pèsonalize avèk inisyativ BCPS Digital Classrooms, founi yon konpitè pou chak elèv ak kourikoulòm adapte pou chak elèv.

## Konekte avèk BCPS:

## Edike elèv jodi pou reyisi nan mond demen.

**236**

Lekòl, sant ak kolèj teknik.

**271,000+**

Divèsite pami popilasyon elèv klas pre-K rive 12zyèm ane.

**181**

Lang ki pale nan distri-a epi elèv BCPS soti nan 208 peyi diferan.

**175,000**

Elèv adilt. Kolèj teknik ak lekòl kominotè Distri-a anseye-yo.

**32,000+**

Anplwaye devwe, ikonpri plis pase 14,000 pèsonnèl anseyan.



**NAVIANCE**  
FAMILY CONNECTION

Kòmmanse plannifye an liy lavni-ou avèk zouti plannifikasyon kolèj ak karyè disponib pou tout elèv BCPS midèleskoul ak ayeskoul.

[browardschools.com/naviance](http://browardschools.com/naviance)

**SchoolChoice**  
Explore your options

BCPS ofri yon klas pou chak elèv! Enfòmè-ou sou opsyon School Choice (Chwa lekòl) pwogram magnet, demann transfè, ak plis ankò.

[browardschools.com/schoolchoice](http://browardschools.com/schoolchoice)

**SUMMER PROGRAMS**

Lete preske rive sou nou! BCPS ofri 2017 Resous an liy Pwogram ak aktivite pou Lete avèk enfòmasyon sou kan, pwogram ak pipis ankò.

[browardschools.com/summerprograms](http://browardschools.com/summerprograms)




**Microsoft**

Student Advantage Program

Pwogram Microsoft's Student Advantage ofri vèsyon konplèt Microsoft Office (Microsoft Word, Excel, PowerPoint, Outlook, OneNote, Publisher, Access, etc.) pou tout elèv BCPS. Ou kapab telechaje-yo gratis.

[browardschools.com/microsoft](http://browardschools.com/microsoft)



### TELEHAJE APP OU JODIA MENM!

Gade enfòmasyon pitit-ou avèk aparèy entelijan-ou nenpòt lè, nenpòt ki kote.

- Transpòtasyon
- Akademik
- Nitrasyon

Disponnib nan Apple App Store ak Google Play Store. Chachè pou lekòl Broward County Public Schools.



**The School Board of Broward County, Florida** Robin Bartleman  
Heather P. Brinkworth • Abby M. Freedman • Patricia Good  
Donna P. Korn • Laurie Rich Levinson • Ann Murray • Dr. Rosalind Osgood  
Nora Rupert • Robert W. Runcie, Superintendent of Schools

The School Board of Broward County, Florida, entèdi tout regleman oswa pwosedi ki lakòz diskriminasyon baze sou laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, nasyonnalite, eta sivil, ras, relijyon, sèks oswa oryantasyon seksyèl. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman kapab rele Director, Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. Dapre lwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008, (ADAAA) nenpòt moun andikape ki bezwen akomodasyon kapab rele depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. [browardschools.com](http://browardschools.com)